

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)

Kisa SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a, oswa SNAP, ede moun ak fanmi ki gen revni fèb ki kalifye yo achte manje ke yo bezwen pou yo rete an bòn sante. Ou kapab itilize SNAP pou achte manje nan men konsesyonè ki otorize yo. Yo bay avantaj yo apati itilizasyon yon kat avantaj elektwonik, ki sanblab a yon kat debi. Yo baze faktè kalifikasyon ak nivo avantaj yo sou règleman ak lwa federal yo.

Kijan yo detèmine kalifikasyon?

Gen plizyè faktè ki kapab afekte kalifikasyon yon fwaye pou avantaj SNAP yo, pami yo nivo revni, kalite revni (lajan ou touche oswa lajan ou pa touche), kantite moun ki gen nan fwaye a, laj, lè w resevwa avantaj pou andikap yo, depans pou refij ak sèvis piblik yo, depans medikal pou kèk manm nan fwaye a, ansanm ak lòt faktè ankò.

Aplikasyon yo dwe bay dokiman ki pwouve sikonstans moun nan fwaye a yo epi yon manm nan fwaye a ki nan laj adilt, oswa yon reprezantan otorize fwaye a, dwe patisipe nan yon entèvyou pou kapab detèmine si yo kalifye. Si yo pa nan travay oswa lajan yo touche nan travay la pa sifi, yo kapab mande kèk manm nan fwaye a tou pou yo chèche travay oswa patisipe nan aktivite pou kapab ede yo jwenn yon travay.

Distrik sèvis sosyal yo dwe evalye aplikasyon yo pou kapab detèmine si yo kalifye pou pwosesis akselere pou aplikasyon SNAP yo a. Fwaye ki kalifye pou pwosesis akselere yo dwe resevwa avantaj yo nan yon delè senk jou apre yo aplike. Aplikasyon ki pa kalifye pou pwosesis akselere yo dwe jwenn apwobasyon oswa refi nan yon delè 30 jou.

Ki liy direktris yo bay pou revni yo?

Fwaye yo dwe satisfè egzijans tès revni yo, amwens ke tout moun ki nan fwaye a yo resevwa swa Revni Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Income, SSI) oswa Asistans Pwovizwa. Si revni yon fwaye, selon kantite moun li genyen, mwens pase oswa egal a kantite lajan ki nan dyagram ki anba a, fwaye a ka kalifye pou yo resevwa SNAP. Lè nou detèmine sa, nou kapab konsidere revni bri fwaye a (ki se montan total anvan ke yo retire enpo oswa nenpòt lòt dediksyon yo) ak revni nèt li (ki se revni bri a mwens dediksyon ki admisib yo).

Pou kapab kalifye:

- Pa gen yon limit revni bri pou fwaye ki gen nenpòt manm ki gen laj 60 tan oswa plis yo ak/oswa manm ki resevwa kèk avantaj pou andikap yo. Pou fwaye sa yo, yo detèmine kalifikasyon an apati revni nèt la, sa vle di yo aplike tout dediksyon ak eskizyon ki enpòtan yo nan revni bri fwaye a pou wè si li bay yon avantaj.
- Fwaye ki gen depans pou swen yon manm depandan nan fwaye a ki soti nan kòb pòch yo (tankou swen timoun) dwe gen yon revni bri ki pa pi plis pase 200 pousan nivo povrete federal la.
- Fwaye ki touche revni yo, men ki pa gen okenn manm ki gen laj 60 tan oswa plis yo oswa manm ki andikape yo, epi ki pa gen depans pou swen depandan ki soti nan kòb pòch yo, dwe gen yon revni bri ki pa pi plis pase 150 pousan nivo povrete federal la.

- Fwaye ki pa touche revni yo, ki pa gen okenn manm ki gen laj 60 tan oswa plis yo oswa manm ki andikape yo, epi ki pa gen depans pou swen depandan ki soti nan kòb pòch yo, dwe gen yon revni bri ki pa pi plis pase 130 pousan nivo povrete federal la.

Tablo sa a montre kantite avantaj SNAP maksimòm pa mwa ki disponib pou divès gwosè fwaye, selon revni bri fwaye a. (Tablo sa a asime ke fwaye a satisfè tout kondisyon kalifikasyon yo.)

Estanda SNAP Federal yo, Anvigè soti 1 Oktòb 2018 rive 30 Septanm 2019				
Fwaye/ Kantite Moun nan Fwaye a	Limit Povrete Federal Estanda Revni Pa Mwa yo			Avantaj SNAP Maksimòm Pa Mwa
	130% nan Limit Revni Bri	150% nan Limit Revni Bri	200% nan Limit Revni Bri	
1	\$1,316	\$1,518	\$2,023	\$192
2	\$1,784	\$2,058	\$2,743	\$353
3	\$2,252	\$2,598	\$3,463	\$505
4	\$2,720	\$3,138	\$4,183	\$642

Pa egzanp: Yon paran selibatè ki gen de timoun ki ap travay 37.5 èdtan pa semèn, ki ap touche 12 dola pa èdtan. Pa gen pèsòn moun nan fwaye a ki resevwa SSI oswa Asistans Pwovizwa. Paran an genyen depans pou swen depandan ki soti nan kòb pòch li pou de timoun yo.

Pa semèn, moun lan touche 12 dola x 37.5 èdtan = 450 dola revni bri. Pa mwa, moun lan touche 450 dola x 4.333333 (kantite semèn an mwayèn nan yon mwa) = 1,950 dola revni bri.

Moun lan gen yon revni bri pa mwa ki byen pi ba pase 3,463 dola (200 pousan nivo povrete federal la), epitou ki alafwa pi ba pase 150 pousan ak 130 pousan limit revni bri yo pou yon fwaye ki gen twa moun, epi li t ap kalifye baze sou revni yo menm san dediksyon pou depans pou swen depandan an. Fwaye a ka kalifye pou jiska 505 dola avantaj SNAP chak mwa, depi li satisfè tout lòt kondisyon kalifikasyon yo.

Pa egzanp: Yon paran selibatè ki ap viv poukont li epi ki ap travay 25 èdtan pa semèn, ki ap touche 12 dola pa èdtan.

Pa semèn, moun lan touche 12 dola x 25 èdtan = 300 dola revni bri. Pa mwa, moun lan touche 300 dola x 4.333333 (kantite semèn an mwayèn nan yon mwa) = 1,300 dola revni bri.

Piske moun lan gen revni ke li touche, li konsève kalifikasyon revni jiska 150 pousan nivo povrete federal la, olye de 130 pousan, epi li ka kalifye pou jiska 192 dola avantaj SNAP chak mwa, depi li satisfè tout lòt kondisyon kalifikasyon yo.

Kijan pou w aplike?

Nenpòt moun kapab verifye si yo kalifye pou SNAP, oswa aplike nan mybenefits.ny.gov.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou SNAP, tanpri konsilte:

SNAP Eta New York: otda.ny.gov/programs/snap

SNAP USDA: fns.usda.gov/snap

Objektif fich enfòmasyon sa a se pou bay enfòmasyon jeneral sou pwogram lan, yo pa fèt pou itilize l pou detèmine kalifikasyon oswa defini kondisyon pwogram lan yo pou okenn moun oswa fwaye.